

# Sekirite Opiyoyid

## Apèsi

### Opiyoyid:

- Gen ladan analjezik ak ewoyin sou preskripsyon
- Kapab lakòz respirasyon yon moun ralanti oswa sispann, se sa yo rele yon òvèdòz

### Naloxone:

- Se yon medikaman san danje ki kapab envèse yon òvèdòz opiyoyid
- Pa gen efè sou alkòl oswa lòt medikaman
- Li pran **ant de ak senk** minit pou li kòmanse travay epi efè l yo dire **ant 30 ak 90** minit
- Ka nesesè pou pran plis pase yon dòz
- Ka lakòz retrè (pa egzanp, frison, kèplen, vomisman, ajitasyon, doulè miskilè) jouk lè naloxone diminye

### Kèk egzanp analjezik sou preskripsyon:

Jenerik	Non Komèsyal
Hydrocodone	Vicodin®, Lorcet®, Lortab®, Norco®, Zohydro®
Oxycodone	Percocet®, OxyContin®, Roxicodone®, Percodan®
Morphine	MS Contin®, Kadian®, Embeda®, Avinza®
Kodeyin	Tylenol® with Codeine (Tylenol® #3, Tylenol® #4)
Fentanyl	Duragesic®
Hydromorphone	Dilaudid®
Oxymorphone	Opana®
Meperidine	Demerol®
Metadòn	Dolophine®, Methadose®
Buprenorphine	Suboxone®, Subutex®, Zubsolv®, Bunavail®, Butrans®

### Ewoyin se yon opiyoyid tou

***Tout opiyoyid yo mete moun arisk pou òvèdòz.***

## Evite Òvèdòz Opiyoyid

- Pran prekosyon ou si ou sispann pran dòz yo oswa si ou rate dòz yo. Sa ka diminye fason kò ou tolere yon medikaman, oubyen ki kantite medikaman kò ou ka tolere.
- Evite melanj opiyoyid avèk lòt medikaman oswa dwòg, sitou benzodyazepin yo (pa egzanp, Xanax®, Valium®), alkòl oswa kokayin.
- Evite pran opiyoyid lè ou poukont ou. Li enpòtan pou gen yon moun avèk ou si gen yon ijans.
- Fè atansyon si ou ap pran plis opiyoyid pase sa ou konn abitye pran. Ou pa janm konnen kijan kò ou ap reyaji.

**Enpòtan: Fè lòt moun yo konnen kote ou mete naloxone ou ak fason pou itilize li.**

## Resous

Jwenn enfòmasyon sou **pwogram lokal** yo ki bay fòmasyon ak naloxone **gratis**: ale sou sitwèb [health.ny.gov/overdose](http://health.ny.gov/overdose)

Jwenn enfòmasyon sou **chwa tretman yo**: rele OASAS HOPEline nan nimewo 877-846-7369, voye tèks HOPENY nan 467369 oswa ale sou sitwèb [oasas.ny.gov/accesshelp](http://oasas.ny.gov/accesshelp)

Jwenn enfòmasyon sou **fason pou evite òvèdòz**: ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "Prevent Overdose" (evite òvèdòz)

# Fason pou Itilize Naloxone

## Etap Entèvansyon pou Òvèdòz

### 1. Rele 911

Swiv enstriksyon dispatchè a.


### 2. Bay naloxone si ou genyen li

Si pa gen reyaksyon nan **trwa** minit, ba li yon dezyèm dòz. Rete ak moun nan. Si li leve, wè si ou ka dekouraje li pou li pa pran plis opiyoyid.


**Si ou pa konnen kisa moun nan pran, ba li naloxone nan kanmenm.**

### Naloxone nan fòm espre nazal an plizyè etap


#### 1 Retire bouchon jòn yo




#### 2 Vise sou kòn blan an



#### 3 Retire bouchon mov fyòl naloxone nan



#### 4 Vise fyòl naloxone nan dousman nan silend sereng lan



#### 5 Panche tèt la dèyè; antre kòn blan an nan narin nan; fè yon ti pouse fò nan pwent fyòl la pou flite naloxone nan nen an:

**YON MWATYE FYÒL LA NAN CHAK NARIN**

Pouse li pou flite li



#### 6 Si pa gen repons nan twa (3) minit, bay yon dezyèm dòz

### 3. Si moun nan p ap respire, bay li sekou respirasyon oswa CPR, si ou konnen kijan


### 4. Si li kontinye pa reyaji, mete moun nan kouche sou kote pou li pa toufe

Rete avèk moun jouk lè sekou rive.

*Nòt: Lwa Bon Samariten 911 Eta New York (New York State 911 Good Samaritan Law) bay pwoteksyon enpòtan pou nenpòt moun ki rele 911 pou sove lavi yon moun, menmsi dwòg prezan.*

### Naloxone nan fòm espre nazal nan yon sèl etap

Espre nazal sa a pa bezwen montaj epi ou ka peze piston an pou flite li nan yon grenn twou nen




**Pa eseye teste aparèy la- ou ka sèvi ak chak aparèy yon sèl fwa.**

### Naloxone pou administre nan mis an plizyè etap

#### 1 Retire bouchon an ak zegwi a nan fyòl naloxone



#### 2 Antre zegwi a nan plòg kawotchou a pandan fyòl la tèt anba; redi piston enjeksyon an, pran tout sa ki nan fyòl la



#### 3 Enjekte tout sa ki nan fyòl la anlè bra ou oswa nan miskilati kuis ou

#### 4 Si pa gen repons nan twa (3) minit, bay yon dezyèm dòz

## Oto-enjektè Naloxone

Oto-enjektè naloxone gen enstwiksyon vokal pou enjekte naloxone nan kuis deyò ou, lè ou pase li nan rad ou, si li nesèsè. Gen yon aparèy antrènman tou pou pratik ki vini avèk chak twous.

### Siy Òvèdòz

- Moun nan pa reyaji  
*Eseye reveye moun nan. Pou fè sa, fwote li jwenti li yo fò anwo ak anba devan kaj torasik li*
- Respirasyon an diminye oswa sispann
- Lèv yo ak/oswa pwent zong yo vin ble, pal oswa gri

### Sekou Respirasyon

- Panche tèt moun nan dèyè
- Peze nen moun nan
- Soufle **de** souf rapid nan bouch moun nan
- Kontinye avèk **yon** souf chak **senk (5)** segonn jouk lè moun nan kòmanse respire

### Lè pou Renouvle Medikaman an

- Ou itilize yon dòz oswa plis
- Naloxone pèdi oswa domaje
- Naloxone ekspire oswa li toupre dat pou li ekspire

*Lè w ap mande pou renouvle medikaman an, fè famasyon ou konnen si ou te itilize naloxone.*

*Konsève naloxone nan tanperati nòmal, lwen limyè dirèk.*